

Kisa pou w fè pou Chanjman nan Zong

Chanjman nan zong ka rive nan zong men, zong pye, oswa tou lè de. Chanjman sa yo ka afekte apaprans, teksti, ak fonksyònman zong ou. Chanjman yo ka tanporè oswa yo ka dire.



Kisa ki lakòz blesi nan zong kay moun ki gen kansè?

Chanjman zong ka rive pou anpil rezon. Yo ka rive akòz:

- Tretman kansè, tankou chimyoterapi, iminoterapi, ak terapi medikaman sible
- Kèk kansè, tankou kansè po
- Medikaman oswa tretman pou lòt kondisyon sante



Kisa chanjman komen nan zong yo ye?

Chanjman nan zong ka afekte plak zong lan (pati ki pi di nan zong lan ak pati ki vizib lan) ak baz zong lan (tisi anba plak zong lan). Kèk chanjman komen nan zong yo gen ladan yo:

- Zòn nwa anba zong lan, ki sanble ak ble, epi yo pi souvan wè sou kutikil la (bò anba zong lan)
- Ti fisi mens oswa gwo fann oswa dechiri nan pwent dwèt la, plak zong la, oswa baz zong lan, ki ka bay doulè
- Ti liy wouj ki se ti zòn senyen anba plak zong lan
- Koulè fonse po ozalantou zong lan, oswa sou zong lan menm (chanjman koulè)
- Woujè, epi pafwa anfleman nan baz zong lan ak po ozalantou dwèt la oswa zòtèy la, ki ka yon siy enfeksyon epi ki ka bay doulè
- Soulèvman plak zong lan, ki ka ogmante risk pou enfeksyon epi fè zong lan tonbe
- Pèt konplè plak zong lan, ki ka bay doulè epi ogmante risk pou enfeksyon jiskaskè zong lan repouse ankò
- Stri oswa liy ki gen koulè nan plak zong lan, ki pral pouse epi disparèt apre tretman fini



Kijan yo trete chanjman nan zong yo?

Se pa tout chanjman nan zong ki bezwen trete. Tretman an depann de siy oswa sentòm ou genyen. Pa egzanp, yo ka itilize medikaman pou trete doulè oswa yon enfeksyon.



Kisa ou ka fè pou ede anpeche oswa jere chanjman nan zong yo?

- Verifye men w ak pye w chak jou pou chèche chanjman nan zong ou yo.
- Evite blesi nan zong ou otank posib.
- Itilize yon vèni zong ki solub nan dlo, tankou yon vèni klasik, sou zong ki gen stri, ki delika, oswa ki ap separe.
- Kenbe zong ou koupe kout. Zong kout gen mwens chans kase oswa rete akwoche.
- Kenbe zong ou pwòp pou ede evite enfeksyon.
- Mete gan pou pwoteje zong ou lè w ap mete yo nan dlo (tankou lave asyèt), fè jaden, oswa netwaye.
- Evite maniki ak pediki.
- Mete soulye ki lach.
- Evite presyon sou baz zong ou (toulède dwèt ak zòtèy ou).
- Mande ekip swen kansè w enfòmasyon sou nenpòt remèd lakay ou anvan ou eseye yo.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Mande ekip swen kansè w si tretman w lan gen chans pou lakòz chanjman nan zong ou. Mande ki tip chanjman pou siveye ak kijan pou jere yo. Fè ekip swen kansè w konnen si w gen nenpòt chanjman, anfleman, woujè, oswa doulè ozalantou zong ou.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.